

Latihan Soal
Paramasastra

Kanggo nomer 1-5

Mbok Randha Dhadhapan, pawongan wadon tuwa sing lola tanpa dulur, kanggo nyambung uripe saben dinane dheweke luru krowodan ing alas kewan. Kewan kali kang nyisa ing sawedhing mbebegan. Kahanan kaya mangkono dheweke ora nggresula, malah saya nyaketake marang Gusti Kuasa.

Esuk-esuk Mbok Randha menyang alas golek panganan. Nalika lagi milang-miling ruh cahya cumlorot saka tengahing kali kang asat. Mbok randha gumun marang apa kang diweruhi iku. Bareng dicedhaki jebul sawijining Keong Mas.

1. Tembung pawongan saka pethilan teks ing dhuwur yen dianalisis dadi
 - a. Pawong+an
 - b. Pa+wong+an
 - c. Pa+uwong+an
 - d. Pa+wongan
 - e. Pawo+ngan
2. Tembung nyambung saka pethilan teks kasebut, kabentuk saka tembung lingga yaiku
 - a. Sambung
 - b. Rampung
 - c. Ambung
 - d. Nyambung
 - e. Lambung
3. Tembung nyaketake kabentuk saka tembung lan uga imbuhan
 - a. Nyaket+ake
 - b. Nya+ket+ake
 - c. Ny+caket+ke
 - d. Ny+caket+ake
 - e. Ny+caketake
4. Tembung diweruhi saka pethilan teks dhuwur, nduweni teges kang padha karo tembung

- a. Dikandhani
 - b. Diomongi
 - c. Dingerteni
 - d. Dilakoni
 - e. Diparani
5. Tembung dicedhaki saka pethilan teks ing dhuwur bisa diganti nganggo tembung
- a. Dikandhani
 - b. Diomongi
 - c. Dingerteni
 - d. Dilakoni
 - e. Diparani

Teks kanggo nomer 6-15

Ana produk anyar racikan rabuk organik, merek “Gunung Sari” luwih ngirit, nanging dayane ngedap-edapi, oyote dadi kuwat, godhonge dadi ketel, uwohe mbeyeyek tenan. Ora mung ngrungokake wektune saiki padha mbuktekake, rawuh wae ana kios “Sari Makmur” ing Ratan Sida Mukti Karangturi.

Kanggo nomer 6-10

Saka pethilan teks ing dhuwur tulisen kang kalebu tembung lingga kanthi urutan:

6.
7.
8.
9.
10.

Kanggo nomer 11-15

Saka pethilan teks ing dhuwur tulisen kang kalebu tembung andhahan kanthi urutan:

11.
12.

13.
14.
15.

Teks kanggo nomer 16-20

Rapingun banjur (16) **gawa** menyang rumah sakit supaya tatune mau bisa (17) **obat** banjur mari. Nalika ing rumah sakit, Tien (18) **paran** Rapingun banjur rasan yen wong tuwane arep (19) **ajak** Rapingun menyang Sala amarga entuk surat saka Raden Mas Gandaatmadja. Raden Mas Gandaatmadja kagungan putra siji sing (20) **asma** Sutanta, wis pitung sasi ora kondur.

Tembung-tembung kang kacetak kandhel ing dhuwur kalebu tembung kang salah, mula cob i tulisen tembung kang trep supaya bisa gathuk karo bacaane!

16.
17.
18.
19.
20.